## 1. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA JOQARÍ TAYPALÍ ILIMIY HÁM ILIMIY PEDAGOGIKALÍQ KADRLARDÍ TAYARLAW

Joqarı oqıw ornınan keyingi tálim jámiyettiń joqarı bilimli ilimiy hám ilimiy-pedagogikalıq kadrlarǵa bolǵan mútájlerin qandırıw, shaxstıń dóretiwshilik tálim, kásip-óner máplerin qanaatlandırıwǵa qaratılıp, joqarı oqiw orınları hám ilimiy-izertlew mákemelerinde (úlken ilimiy xızmetker-izleniwshiler institutı, gárezsiz izleniwshilik) doktoranturada tálim alıw, sonday-aq, gárezsiz izertlewshilik xızmetin shólkemlestiriw tiykarında ámelge asırıladı.

**Doktorantlar tayarlawshı mákemeler sanı, birlik (2012-2016 jıllar) (1-súwret)**

*1-súwret*




Doktorantlar tayarlawshı mákemeler (úlken ilimiy xızmetker izleniwshiler institutları) sanı 2016-jılǵa kelip 5 ti quradı hám 2012-jıldaǵıǵa salıstırǵanda 1,2 esege astı. 2016-jılda doktorantlardı tayarlawshı mákemeler diń 2 in ilimiy institutlar, 3 in joqarı tálim mákemeleri quradı.

**Doktorantlar sanı (2012-2016 jıllar) (2-súwret)**

*2-súwret*




Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2012-jıl 24-iyuldaǵı PF-4456-sanlı Pármanına tiykar dissertatsiya qorǵaw hám pán doktorı ilimiy dárejesin beriw boyınsha joqarı oqıw ornınan keyingi tálimniń bir basqıshlı sisteması engizildi, bul úlken ilimiy xızmetker izleniwshiler sanınıń artıwına da

sebep boldı. Atap aytqanda, usı mekemelerde doktorant sıpatında oqıp atırǵanlar sanı 2016-jılda 2012-jıldaǵı sanınan 1.6 eseden artıqraqqa astı hám 26 dan 44 ke shekem jetti.

Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 16-fevraldaǵı PF-4958 sanlı Pármanına muqapıq joqarı bilimli ilimiy hám ilimiy-pedagog kadrlar tayarlaw hám attestatsiyadan ótkeriw sistemasınıń sıpatı hám nátiyjeliligin túpten asırıw, joqarı oqıw ornınan keyingi tálim tarawın jánede jetilistiriw, ilimiy-izertlew xızmetinde jaslardıń intellektual potensialın hár tárepleme kórsetiw imkániyatların keńeytiw maqsetinde joqarı oqıw ornınan keyingi tálimniń eki basqıshlı forması dissertatsiya qorǵaw hám tiyisli pán tarmaǵı boyınsha filosofiya doktorı (PhD) ilimiy dárejesin beriwdi názerde tutıwshı "tayanısh doktorantura" hám dissertatsiya qorǵaw hám tiyisli pán tarmaǵı boyınsha pán doktorı (Doctor of Science) ilimiy dárejesin beriwdi názerde tutıwshı "doktorantura" sisteması engizildi.

## 2. ILIMIY-IZERTLEW HÁM TÁJIRIYBE-KONSTRUKTORLÍQ ISLENBELERDIŃ ORÍNLANÍWÍ

Ilimiy-izertlew hám tájiriybe-konstruktorlıq islenbeleri izertlewler yáki ámeliy tájiriybeler nátiyjesinde alınǵan hám jańa materiallar, ónimler, protsesler, qurılmalar, xızmetler, sistemalar yáki usıllardı jaratıwǵa baǵdarlanǵan bar bilimlerge tiykarlanǵan sistemalı túrde ámelge asırılatuǵın jumıslar kiredi. Islenbeler quramına konstruktorlıq, joybarlı hám texnologiyalıq jumıslar kiredi.

**Ilimiy izertlew tájiriybe konstruktorlıq islenbelerin orınlaǵan shólkemler dinamikası (2012-2016 jıllar) (3-súwret)**

*3-súwret*




Ilimiy izertlew tájiriybe konstruktorlıq islenbeleri menen shugʻıllanatuǵın shólkemler sanı 2016-jılda 2013-jılǵa salıstırǵanda 2 ge kóbeydi hám 23 ti quradı. Olar tárepinen óz kúshi menen orınlanǵan ilimiy izertlew tájiriybe konstruktorlıq jumısları kólemi 2016-jılda 9,4 mlrd. Sumǵa jetti hám 2013-jılǵa salıstırǵanda 2,4 esege astı.

**2016-jılda pán tarawları boyınsha ilimiy izertlew hám tajiriybe-konstruktorlıq islenbelerine qárejetler, mln. so'm (1-tablitsa)**

*1-tablitsa*

| | Jámi | Sonnan: | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | tábiiy pánler | texnika pánleri | meditsina pánleri | awıl xojalıgı pánleri | sotsiallıq pánler | gumanitar pánler |
| | | | | | | | |
| **Jámi** | **11161,8** | **3573,5** | **2968,7** | **104,5** | **1522,9** | **852,1** | **2140,1** |

**Ilimiy izertlew hám tájiriybe-konstruktorlıq islenbelerdi orınlaǵan ilimiy xızmetkerler (2000-2016 jıllar) (2-tablitsa)**

*2-tablitsa*

| | 2013 j. | 2014 j. | 2015 j. | 2016 j. |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| **Ilimiy xızmetkerler – jámi (joqarı tálim mekemeleriniń ilimiy-pedagogikalıq xızmetkerlerin qosqan halda)** | **1806** | **1834** | **1838** | **1826** |
| sonnan ilimiy izertlew hám tajiriybe-konstruktorlıq islenbelerin orınlaǵan izertlewshi-qánigeler | 466 | 469 | 476 | 558 |
| olardan ilimiy dárejege iye bolǵanlar: | | | | |
| pán doktorı | 40 | 33 | 23 | 26 |
| pán talabanı | 86 | 80 | 91 | 103 |

Ilimiy izertlew hám tajiriybe-konstruktorlıq islenbeleri menen bánt bolǵan izertlewshi-qánigeler sanı 2016-jılda 558 di quradı.

## KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLERDIŃ INNOVATSIYALÍQ XÍZMETI

Mámleketimizde islep shıǵarıwdı modernizatsiyalaw boyınsha alıp barıp atırǵan reformalar tek ǵana kárxanalarda isletiletuǵın texnika hám texnologiyalıq protsesslerdi jańalawdı emes, bálkim basqarıw hám esabın shólkemlestiriwde innovatsitalıq jaqtan qollap quwatlawdı talap etedi. Sol kóz qarastan kárxanalarda islep shıǵarılǵan ónimlerdi bahalawdıń ámeliyatta qollanılatuǵın ayırım táreplerin úyreniw úlken áhmiyetke iye.



**Innovatsiyalıq ónimler, jumıslar, xızmetler kólemi hám qárejetler dinamikası (2008-2016 jıllar) (4-súwret)**

*4-súwret*




Innovatsiyalıq ónimler, jumıslar, xızmetler kólemi 2016-jılda 1957,1 mlrd. sumdı quradı. Bul kórsetkish 2015-jılǵa salıstırǵanda 10,6 ese, 2008-jılǵa salıstırǵanda 1030 esege kóbeygen. Innovatsiyalarǵa qárejetler 2008-jılǵa salıstırǵanda 18,6 esege kóbeygen bolsa, 2015-jılǵa salıstırganda 97 payızǵa kemeygen.

2016-jılda óz kushi menen islep shiǵarılǵan innovatsiyalıq ónimler, jumıslar, xızmetler kóleminiń tiykarǵı bólegi Nókis qalasına (95,8 payızı), Xojeli rayonına (2,1 payızı), tuwrı kelmekte, qalǵan 2,1 payızı respublikanıń basqa rayonlarına tuwrı keledi.

**2016-jılda qarjılandırıw derekleri boyınsha texnologiyalıq, marketing hám shólkemlik innovatsiyalarǵa qárejetler (3-tablitsa)**

*3-tablitsa*



| | **2016j.** |
|---|---|
| **Texnologiyalıq, marketing hám shólkemlik innovatsiyalarǵa qárejetler** | 108,1 |
| sonnan qarjılandırıw derekleri boyınsha: | |
| shólkemniń óz qarjıları | 7,8 |
| Shet el kapital | |
| kommertsiyalıq bankleri kreditleri | 8,8 |
| basqa qarjılar | 91,5 |

**Innovatsiyalardıń qarjılandırıw derekleri, payızda (5-súwret)**

*5-súwret*




2016-jılda texnologiyalıq, marketing hám shólkemlik innovatsiyalarǵa qárejetlerdiń 7,2 payızı (7,8 mlrd.sum) shólkemniń óz qarjıları esabınan, 8,2 payızı (8,8 mlrd.sum) kommertsiyalıq bankleri kreditleri, 84,6 payızı (91,5 mlrd.sum) basqa qarjılar esabınan qarjılandırılǵan.

**2-tablitsa: Engizilgen innovatsiyalar sanı (2016-jıl) (4-tablitsa)**

*4-tablitsa*

| | **Texnologiyalıq innovatsiyalar** | Sonnan: | | Marketing innovatsiyalar | Shólkemlik innovatsiyalar |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ónimler boyınsha innovatsiyalar | protsesler boyınsha innovatsiyalar | | |
| | | | | | |
| **Jámi** | **32** | 15 | 17 | 5 | 4 |
| sonnan: | | | | | |
| óz kúshi menen | **32** | 15 | 17 | 5 | 4 |

2016-jılda 24 kárxana hám shólkemler tárepinen 32 túrdegi texnologiyalıq innovatsiya engizildi.

**Innovatsiya engizgen shólkemler hám innovatsiyalar sanı (2016-jıl) (6-súwret)**

*6-súwret*




**2016-jılda óz kúshi menen islep shıǵarılǵan innovatsiyalıq ónimler, jumıslar, xızmetler kóleminiń innovatsiyalardı ózlestirilgen múddetleri boyınsha bólistiriliwi, payızda (7-súwret)**

*7-súwret*




2016-jılda ózlestirilgen innovatsiyalar jámi islep shıǵarılǵan innovatsiyalıq ónimler, jumıslar, xızmetler kólemi 0,6 payızın (11,1 mlrd.sum) quradı, islep shigarılgan innovatsiyalıq ónimlerdiń úlken bólegi (sáykes túrde 97 payız) 2014-2015 jıllarda ózlestirilgen innovatsiyalar esabında tuwrı kelgen.